



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE KÒMANSE MWA FYÈT LGBTQ+ LA

*Pibliye [pwoklamasyon](#) epi bay [mesaj](#) nan selebrasyon Mwa Fyète LGBTQ+ la*

*Leve drapo pwogrè LGBTQ+ la atravè Eta New York*

*Moniman istorik yo pral limen nan dat 1e jen an ak 23 pou rive 30 jen*

*Nouvo ekspozisyon yo ouvri nan Kapitòl Eta New York la ki montre eritaj aktivis LGBTQ+ New York yo*

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deziyen mwa jen 2023 a kòm Mwa Fyète LGBTQ + epi li te bay yon [mesaj](#) ki selebre kominote LGBTQ+ la nan Eta New York. Anplis de sa, drapo pwogrè LGBTQ+ yo pral leve nan tout eta a, yo pral limen moniman istorik eta yo koulè drapo fyète LGBTQ+ la, epi yon nouvo ekspozisyon nan Kapitòl Eta a k ap mete aksan sou eritaj aktivis LGBTQ+ New York yo pral ouvri pandan Mwa Fyète a.

"Mwa Fyète se yon moman kote nou selebre epi kontinye ogmante dwa kominote LGBTQ+ la isit nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Chak Nouyòkè, kèlkeswa oryantasyon, idantite, oswa ekspresyon seksyèl yo, merite pou yo santi yo an sekirite, yo tande yo ak valolize pa gouvènman eta a. Mwa sa a ak chak mwa apre sa, Eta New York pral kanpe ak sipòte kominote LGBTQ+ la."

Gouvènè Hochul te anonse tou ke drapo fyète pwogrè a pral flote nan Pak Eta yo atravè New York pou make debi Mwa Fyète a. Anplis, drapo a ap leve nan State Capitol, Plaza ak Chato Gouvènè a nan dat 1 jen.

Drapo a pral flote tou nan building biwo Eta annapre yo pandan tout Mwa Fyète a.

- 44 Holland Avenue
- 50 Wolf Road
- 328 State Street
- 625 Broadway
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Hampton Plaza

- Harriman Campus
- New York State Capitol
- Ten Eyck
- Bilding Biwo Leta Binghamton
- Dulles State Office Building
- Bilding Biwo Leta Henderson-Smith
- Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta (Oriskany)
- Etablisman Homer Folks
- Bilding Biwo Leta Senatè John H. Hughes
- Bilding Biwo Leta Utica
- Bilding Biwo Leta Adam Clayton Powell Jr.
- Bilding Biwo Leta Eleanor Roosevelt
- Sant Jesyon Transpò Vale Hudson lan
- Bilding Biwo Leta Perry B Duryea
- Executive Mansion

Yo pral limen moniman istorik eta sa yo an wouj, oranj, jòn, vèt, ble ak vyolèt aswè a:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta yo - Pòtay Prensipal & Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station (\*\*pral limen woz, blan, ak ble klè)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Gouvènè Hochul te anonse tou ouvèti "In the Footsteps of Heroes" (Sou Tras Ewo yo), ki se yon egzibisyon ki mete aksan sou mouvman dwa LGBTQ+ yo nan New York depi nan tan pase jiska prezan—soti nan prekisè yo rive nan lavni. Ansanm ak pyonye yo nan ekspozisyon sa a, gen egzanp nouvo lidè ak òganizasyon jodi a yo ki bati sou travay ansyen yo. Kit se yon direktè k ap chanje imaj lidèchip, yon pwopriyetè biznis k ap adrese bezwen kominote pa yo, oswa yon òganizasyon ki fèt pou konfwonte enkyetid sosyal ak swen sante akòz konsekans COVID-19 la, defansè jodi a yo fè efò pou kreye yon New York ki pi ekitab pou kominote LGBTQ+ la.

An desanm 2022, Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislatif pou adrese disparite nan swen sante nan kominote LGBTQ+ la. Lè yo pèmèt jèn ki sove epi ki sanzabri ki poko gen 18 ane yo pran pwòp desizyon sou swen sante yo (lejislasyon A.9604/S.8937) epi pi byen ekipe enfimyè ak asistan sante enfimyè ak adomisil yo pou travay avèk

popilasyon LGBTQ+ yo (lejislasyon A.1880A/S.2534A), nouvo lwa sa yo te elaji pwoteksyon nan anviwònman swen sante yo pou moun ke yo idantifye kòm LGBTQ+. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon ki egzije ke nenpòt kontra asirans ki bay pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon gen ladan kouvèti pou depans PrEP ak PEP — de zouti enpòtan pou anpeche pwopagasyon VIH.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)